

Fason pou ou mete enfòmasyon w yo ajou nan DTA Connect

Nan vidéyo sa a, nou pral esplike w fason ou ka mete kowòdone w yo ajou epi bay enfòmasyon sou kèk depans nan DTA. Lè ou mete enfòmasyon w yo ajou nan DTA Connect, ou kapab jwenn plis avantaj san w pa bezwen ni rele ni vizite DTA.

Kowòdone ou kapab mete ajou yo se nimewo telefòn ou, adrès imèl ou, lang ou prefere a, adrès kay ou ak adrès postal ou ajou. Enfòmasyon ou kapab mete nan DTA konsènan depans ou yo se depans ki gen rapò ak lojman, bòdwo pou sèvis debaz pou kay la, sa ou depanse pou pran swen moun ki sou kont ou yo, ak depans ki gen rapò ak sante.

Pou kòmanse, konekte sou DTA Connect la. Apre sa, peze "My Info."

Sou ekran sa a, w ap wè yon rezime enfòmasyon DTA genyen yo konsènan fwaye ki asosye ak dosye w la.

Si w vle mete kowòdone w yo ajou, peze bouton "Edit" la nan seksyon Contact Information nan.

Nan seksyon sa a, w ap kapab mete nimewo telefòn ou ak adrès imèl ou ajou, epi w ap ka chwazi lang ou prefere a ak notifikasyon ou vle resevwa yo.

Li enpòtan pou DTA genyen yon nimewo telefòn ak yon adrès postal ki ajou pou li kapab voye avi ki enpòtan yo ba w e pou li kapab rele w lè sa nesesè.

Si w vle mete adrès kay ou ajou oswa si w vle fè nou konnen ou pa gen okenn kote pou rete, peze bouton "Edit" la nan Address la.

Nan seksyon sa a, w ap kapab ban nou adrès novo kay ou, w ap kapab fè nou konnen si w pa gen okenn kote pou rete oswa si w fèk jwenn yon lojman, epi w ap kapab mete adrès postal ou ajou.

Lè ou chanje adrès kay ou, aplikasyon an pral mande w ki depans ou genyen pou novo lojman w ak bòdwo pou sèvis debaz pou kay la. Si w pa mete depans ou fè pou lojman an ak bòdwo pou sèvis debaz pou kay la ajou, ou gendwa wè yon chanjman nan kantite kòb ou jwenn pou benefis SNAP la.

Si w annik bezwen rapòte yon chanjman nan adrès postal ou, ou kapab ale nan seksyon sou adrès postal ka epi peze bouton "Edit" la.

Si w vle mete depans ou fè pou lojman w yo ajou, san wete lwaye a ak ipotèk la, taks sou pwopriyete w yo ak asirans kay la, peze bouton "Edit" la nan seksyon Shelter Expenses la.

Si w vle mete depans ou fè pou bòdwo pou sèvis debaz pou kay la ajou, san wete depans ou fè pou chofaj la, èkondisyone a, kouran an, gaz la ak sèvis telefòn nan, peze bouton "Edit" la nan seksyon Utility Costs la.

Si w vle mete depans ou fè pou pran swen moun ki sou kont ou yo ajou, bezwen bouton plis la nan seksyon Dependent Care Expenses la. Apre sa, peze "Edit."

Nan seksyon sa a, w ap kapab fè DTA konnen si w gen depans pou pran swen ptit ou yo, pa egzanp depans pou bebisité, gadri, transpò oswa sèvis gad adilt ki andikape lajounen ak pwogram sipò pandan ou menm oswa yon moun ki nan kay la ap travay, ap chèche travay oswa ale lekòl.

Si ou menm oswa yon moun nan kay la genyen 60 lane oswa plis, oswa si youn nan nou jwenn yon sètifikasyon federal antanke moun ki andikape, w ap wè yon seksyon pou asirans sante ak depans medikal tou.

Si w vle mete enfòmasyon sa yo ajou, bezwen bouton plis la nan seksyon Health Insurance & Medical Expenses la. Apre sa, peze "Edit."

Si depans total ou fè chak mwa pou asirans sante a ak depans medikal yo plis pase \$190.00, w ap gen pou voye dokiman pou pwouve (dokiman verifikasyon) ou te fè tout depans medikal sa yo pou ou resevwa yon dediksyon medikal ki pi wo. Tanpri gade lòt videyo nou yo pou konnen kijan ou kapab voye dokiman verifikasyon w yo sou kont DTA Connect ou a.

Egzanp

N ap pran yon egzanz epi n ap mete ajou depans ki fèt pou lojman an.

Lè ou peze "Edit," ou rive nan yon paj ki montre sa ou te gentan antre kòm depans epi w ap gen posiblite ajoute nouvo depans ki fèt pou lojman w.

Nan egzanz sa a, kliyan an peye \$6,856.28 pou taks sou pwopriyete yo chak ane epi li peye \$1,216.05 pou asirans kay la chak ane.

Lè ou peze "Add New Housing Costs," ou gen posiblite ajoute lwaye w, ipotèk ou, taks sou pwopriyete w, asirans kay ou ak frè pou asosyasyon vwazen w lan.

Chwazi youn nan kategori sa yo epi peze "Continue" pou ale nan pwochen paj la, kote w ap ajoute montan ou peye a ak chak kilè ou peye l.

Peze "Continue" apre ou fin antre enfòmasyon sa yo pou retounen sou paj prensipal la nan seksyon depans ki fèt pou lojman an, epi peze "Submit" pou konfime chanjman w yo.

Videyo